



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOVASYON POU PWOJÈ EKSPANSYON KLÈB MIZISYEN KOULÈ YO

Investisman Eta New York nan koridò eritaj Afwo-Ameriken an pral kontinye pou revigore Lès Buffalo

Konplete [investisman sible 50 milyon dola](#) istorik Gouvènè a nan Lès Buffalo

Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Klèb Mizisyen Koulè (Colored Musicians Club, CMC) a te kòmanse yon ekspansyon ak renovasyon ki pral pèmèt ogmante touris ak vizit nan Koridò Eritaj Afwo-Ameriken (African American Heritage Corridor) Buffalo a. CMC, ki te fonde an 1918, CMC a se sèl klèb mizisyen Afwo-Ameriken nan jan li ki nan peyi Etazini. Li te òganize pèfòmans avèk atis remakab tankou Duke Ellington, Ella Fitzgerald, Louis Armstrong, Nat "King" Cole, Miles Davis ak Cab Calloway.

"Inogirasyon sa a make kòmansman yon nouvo chapit nan Klèb Mizisyen Koulè a epi li reprezante angajman pwofon, kontinyèl nou an pou nou leve kominote Lès Buffalo a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou ankouraje ekspansyon ak prezèvasyon byen istorik nan koridò Michigan Street la, n ap selebre istwa rich Nouyòkè Nwa yo epi onore kontribisyon enpòtan yo nan Buffalo, eta nou an ak nasyon nou an".

"Se pa sèlman yon investisman nan Lès Buffalo, men yon investisman nan pèp Nwa a ak kilti Nwa a ki ankre tèlman fon nan pati sa a nan Buffalo", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Renovasyon ak ekspansyon Klèb Mizisyen Koulè a, anplis lòt investisman ki te anonse deja nan Lès Buffalo, pral ogmante touris nan koridò istorik Michigan Street Buffalo a, ki rich nan kilti ak istwa Afwo-Ameriken".

Ekspansyon 2.95 milyon dola CMC se egzanp pi resan efò ogmante Gouvènè a pou atire vizitè yo nan Kot Lès Buffalo. Klèb san bi likratif la pral fè amelyorasyon enpòtan atravè èd yon sibvansyon 2 milyon dola ki soti nan Fon Devlopman Ekonomik Koridò Kot Lès 65 milyon dola Empire State Development (ESD) la. Amelyorasyon sa yo pral pwovoke plis touris ak vizit nan koridò istorik Michigan Street Afwo-Ameriken Buffalo. DASNY te bay tou 350,000 dola nan finansman pou pwojè a.

Pwojè CMC a gen ladan konsepsyon ak konstriksyon yon nouvo antre nan bilding nan 145 Broadway Street ki pral konfòm ak ADA (Lwa sou Ameriken ki gen Andikap) epi ki pral gen plis espas depo pou CMC a; restorasyon fasad bilding lan ak renovasyon ak ekspansyon espas pèfòmans istorik la; mete ajou sekirite ensandi ak pwoblèm kòd; ak achèvmman travay sou sit ki gen rapò ak repavaj ak amelyorasyon nan peyizaj lari yo.

Komisè ak Prezidan epi Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Buffalo ap emèje byen vit kòm yon destinasyon touris prensipal. Pandan kèk kote tankou bò dlo a ap grandi, nou bezwen tou pouse kominote Afwo-Ameriken Buffalo a monte nan kapitalize sou byen istorik enpòtan li yo ak potansyèl enkwayab li pou kwasans. Renovasyon enstitisyon prensipal yo nan koridò Eritaj Afwo-Ameriken an pral ede atire nouvo vizitè nan katye k ap emèje sa a pou selebre istwa, mizik ak divèsite kiltirèl li. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou efò kontinyèl li pou fè plis pou ede Lès Buffalo, ki te gen reta pa rapò ak rès Vil la pandan revitalizasyon Buffalo".

Travay renovasyon an byen mache tou sou de lòt pwojè ki ankre Koridò Eritaj Afwo-Ameriken an: Legliz Batis Michigan Street ak Nash House.

Eta New York ap sipòte pwojè renovasyon yo an patenarya avèk Buffalo Niagara Freedom Station Coalition ak Nash House Museum, de òganizasyon san bi likratif ki travay pou prezève ak pwomouvwa eritaj Legliz la ak Nash House.

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, Erik Kulleseid, te deklare, "Tout istwa Eta New York la pa konplè san istwa yo te jwenn nan Koridò Eritaj Afwo-Ameriken Buffalo a. Pak Eta New York yo rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou sipò li nan pwojè enpòtan sa yo epi Pak Eta yo onore pou yo se yon patnè ladan yo".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Klèb Mizisyen Koulè yo te yon pwen ankraj nan koridò istorik Michigan Street Afwo-Ameriken Buffalo a pandan plizyè dizèn ane, epi ekspansyon prèske 3 milyon dola sa a pral non sèlman atire nouvo touris nan Queen City, men li pral fè yon bagay ki pi gwo toujou: li pral rakonte yon istwa. Istwa sila yo ki te fòme vil nou an gras a kouraj, kè, ak talan, epi ki te ede ekri istwa Nwa Buffalo. Se jis youn nan anpil envestisman Eta New York ap fè pou pote lavi nan vrè vizyon Terry Alford, Lillie Wiley-Upshaw, ak Koridò Eritaj Afwo-Ameriken nan Michigan Street la".

Manm Asanble, Crystal D. Peoples-Stokes, te deklare, "Felisitasyon ak Klèb Mizisyen Koulè a paske yo te ouvri wout pou ekspansyon yo. Mwen fyè dèske mwen te kapab bay lajan inisyal pou lanse ranmasaj lajan. Pwojè sa a gen plis pase yon dizèn ane epi li pral amelyore aksè pou tout vizitè yo wè Klèb la, ekspozisyon li yo ak istwa entèprèt djaz lejandè li yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou sipò yo epi mwen felisite lidèchip Klèb la pou angajman san pran souf yo pou byen gide pwojè sa a".

George Scott, Ansyen Direktè Klèb Mizisyen Koulè a, te deklare, "Nou vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul poutèt li te envesti nan lavni Klèb Mizisyen Koulè a.

Renovasyon an pral benefisye tout koridò Michigan Street la lè li atire plis vizitè pou yo fè eksperyans mizik, istwa, manje ak atraksyon kiltirèl inik nan Kot Lès la. Lè nou fè envestisman enpòtan sa a, n ap fè li klè ke istwa Nwa enpòtan, istwa Buffalo enpòtan, epi djaz se yon fòs pou rakonte istwa sa a ak yon fason pisan pou bay pèp nou an fòs ak espwa".

Lillie Wiley-Upshaw, Prezidan Buffalo Niagara Freedom Station Coalition, te deklare, "Buffalo Niagara Freedom Station Coalition trè rekonesan pou sipò Empire State Development, Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (New York State Parks Recreation & Historic Preservation, OPRHP) Eta New York ak Community Foundation for Greater Buffalo. Akoz aktivis kominote a, an patikilye Evèk Henderson, BNFSC se sou wout pou sove legliz la pou 200 ane k ap vini yo. Mwen pèsònèlman fyè dèske m fè pati kominote Buffalo ak travay enpòtan sa a".

Rachel Henderson, pitit fi Evèk Henderson lan, te deklare, "Lè nou prezève konesans tan pase nou, nou rekòlte vrè posiblite lavni nou. Pandan n ap kontinye aprann plis sou istwa zansèt nou yo, n ap bati yon monn ki pi klere ak pi pwogresif. Antanke pitit fi Evèk William Henderson ak Vis Prezidan Buffalo Niagara Freedom Station Coalition, mwen rekonesan anpil pou m wè travay li konsènan bèl moniman sa a k ap kontinye".

Amelyorasyon nan Koridò Eritaj Afwo-Ameriken an gen ladan:

- Pwojè 1.3 milyon dola Legliz Batis Michigan Street la pral ede asire entegrite estriktirèl bilding lan epi adrese pwoblèm sekirite yo nan legliz la, pandan l ap bay pi bon aksè pou vizitè ki andikape yo. Pwojè a gen ladan reparasyon fondasyon ak ranfòsman twati, plis renovasyon nan aksesibilite. Se Afwo-Ameriken ki te konstwi Legliz Batis Michigan Street la an 1845 epi li te dènye arè nan chemen de fè klandesten pou moun ki t ap chèche libète pou chape ale Kanada anvan Lagè Sivil la. Li te nan lis Rejis Nasyonal la nan Kote Istorik yo depi 1974.
- Nash House te resevwa 172,000 dola nan finansman ki soti nan ESD epi li ap sibi amelyorasyon pou entanperizasyon ak modènizasyon nan ekspozisyon mize yo. Nash House te yon fwa lakay Reveran J. Edward Nash Sr., pastè Legliz Batis Michigan Street nan ane 1950 yo ak lidè renome dwa sivil Buffalo. Kounye a se Michigan Street Preservation Corporation, òganizasyon san bi likratif la ki posede li epi ap fonksyone kòm yon mize depi 2007.
- [Estasyon Radio WUFO ak Black History Collective](#) te resevwa sibvansyon 1 milyon dola pou yon gwo [pwojè restorasyon ak ekspansyon](#). Collective se sèl estasyon radyo Afwo-Ameriken nan Lwès New York posede epi li se lokatè prensipal pou 509 Michigan Street, yon estrikti de etaj ki gen yon syèk ke vil la posede ki sitiye sou yon sit kle imedyatman nan sid Legliz Batis Michigan Street.
- Pwojè piblik-prive Nash Lofts ki koute prèske 6 milyon dola NAACP a ap jwenn finansman pasyèl ESD nan kad Fon Devlopman Ekonomik Koridò

Kot Lès la. NAACP te retounen nan Koridò Eritaj Afwo-Ameriken an ane pase, epi nouvo lokal li a gen ladan nouvo biwo NAACP, apatman ki gen pri abòdab ak lòt espas komèsyal nan lari. Yo pral anonse byento yon lokatè pou yon espas komèsyal nan premye etaj la.

- [Mi Libète](#) (Freedom Wall) ak zòn ki antoure miral istorik la pral sibi amelyorasyon atravè yon sibvansyon 366,000 dola yo te bay Otorite Transpò Fwontyè Niagara (Niagara Frontier Transportation Authority, NFTA). Finansman an pral itilize pou rekonstwi zòn ki genyen ant miray beton an ak bòdi lari a epi enstale limyè LED pou mete aksan sou pòtrè miray yo. Mi Libète a selebre travay istorik ak kontinyèl Afwo-Ameriken yo pou egalite politik ak sosyal.

Tout pwojè sa yo pral mare ansanm ak yon avni Michigan ki pi etwat ak peyizaje pou ralanti sikilasyon, ak amelyore ekleraj lari a pou rann distri a pi adapte pou pyeton yo.

Pwojè sa yo gen entansyon kreye yon destinasyon touris koyezif alantou konsantrasyon byen istorik yo ant William Street ak Broadway. Efò planifikasyon yo gen ladan estrateji pou komèsyalize epi sipòte amelyorasyon byen sa yo. Envestisman kapital tankou amelyorasyon nan bilding istorik, ekspansyon bilding, konfòmite avèk ADA ak sekirite, amelyorasyon nan peyizaj lari yo, espas rasanbleman kominotè yo ak lòt ekipman enpòtan yo pral amelyore eksperyans vizitè yo ak pi byen konekte byen istorik youn ak lòt ak anba lavil Buffalo. Pwojè sa a pral kreye yon destinasyon touris inifye ki pral rakonte istwa kontribisyon Buffalo nan istwa Afwo-Ameriken pandan l ap atire nouvo vizitè ki soti nan rejyon an.

Terry Alford, Direktè Egzekitif, Komisyon Koridò Eritaj Afwo-Ameriken Michigan Street la, te deklare, "Nan non manm konsèy ki fòme Komisyon Koridò Eritaj nou an, ansanm ak moun ki gen enterè nan kominote a ak rezidan yo ki te toujou sipòte koridò a, mwen ta renmen remèsye Gouvènè nou an ak Empire State Development pou envestisman kontinyèl li nan amelyorasyon pwogresif koridò a. Akòz angajman yo nan sipòte estabilizasyon ak ekspansyon de nan ankraj kiltirèl nou ke yo pi rekonèt yo, yo te ede asire dirabilite edifis ikonik sa yo pou anpil jenerasyon k ap vini yo, ki pral amelyore non sèlman koridò a, men tou vil nou an kòm yon destinasyon eritaj ki enteresan ak dinamik".

Egzekitif Adjwen Konte Erie, Maria R. Whyte, te deklare, "Klèb Mizisyen Koulè a se yon pati istorik ak iranplasab nan kominote nou an epi eritaj nou an ak envestisman Gouvènè Hochul sa a pral amelyore epi kenbe li pou yon bon tan alavni. Konte Erie ap rantre nan efò sa a avèk yon alokasyon 925,000 dola pou amelyorasyon kapital nan Klèb la pou ede nan modènize atraksyon ikonik sa a. Renovasyon ak restorasyon trezò tankou CMC reyafime angajman nou pou prezève pase nou an epi pote plis vizitè nan Koridò Afwo-Ameriken istorik Michigan Street pou aprann plis sou li".

Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare, "Mizik jwe yon wòl enpòtan nan istwa Afwo-Ameriken Buffalo epi kòm youn nan destinasyon ki pi enpòtan nan vil nou an, Klèb Mizisyen Koulè a ta dwe byen reflekte sa. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Empire

State Development paske yo sipòte pwojè ekspansyon ak renovasyon sa a ki pral atire plis vizitè nan Koridò Eritaj Afwo-Ameriken Buffalo pou jwi istwa, mizik, ak kilti Nwa nou an. Ekspansyon 2.95 milyon dola sa a konplete investisman enpòtan Vil la nan katye Lès Buffalo sa a epi li pral benefisye kominote nou an pou anpil jenerasyon k ap vini yo".

Prezidan Konsèy Buffalo a, Darius Pridgen, te deklare, "Mwen kontan anpil pou m aprann kòmansman travay estabilizasyon sou twati a ak fondasyon Legliz Batis Michigan Street la. Antanke Manm Konsèy Ellicott District, mwen te yon defansè nenpòt investisman nan Koridò Eritaj Afwo-Ameriken an paske li prezève istwa nou an nan Buffalo ak Lwès New York. Sa a se yon lòt etap nan fè Koridò a tounen yon destinasyon vwayaj nan Lwès New York. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak kòlèg mwen yo nan gouvènman an pou sipò kontinyèl yo".

Jwenn plis enfòmasyon sou Koridò Eritaj Afwo-Ameriken Michigan Street la [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418